المختصر المفيد للمسلم الجديد

- ولوف -

# Ab tënk bu amsolo ñeel jullit bi

Aji-waajal ji:

Muhammad Assahriyu

المحتوى الإسلامي

Islamhouse.com


Rabwah

# Ab tënk bu am solo ñeel jullit bi:

Aji-waajal ji:

Muhammad Assahriyu:

1443 - 2021


بسم الله الرحمن الرحيم

شركاء التنفيذ:

دار الإسلام جمعية الربوة رواد الترجمة المحتوى الإسلامي

يتاح طباعة هذا الإصدار ونشره بأي وسيلة مع الالتزام بالإشارة إلى المصدر وعدم التغيير في النص.

Telephone: +966114454900

ceo@rabwah.sa

P.O.BOX: 29465

RIYADH: 11557

www.islamhouse.com

Maa ngi tàmbalee samay wax ak samay jëf ci turu Yàlla miy Boroom yërmànde ju yaatu ji ci àdduna tay jagleell yërmandéem ëllëk way gëm yi.

## Laltaay:

Sant ñeel na Yàlla mi nga xam ne mooy Boroom mbindéef yi, xéewël ak jàmm yalna nekk ci ki gën a tedd ci yónnente yi ak ñi ñu yónni, muy sunu Yónnente Muhammad ak ay ñoñam, ak àndandoom yépp

Ginnaaw loolu:

Bokk na ci xéewël i Yàlla mu kawe mi ci doomu Adama, mu xéewële ko mu nekk jullit te sax ci Lislaam ak jëfe ay atteem ak li mu yoonal. Ci téere bii la jullit di jànge ay cosaan i diineem yoy dina ci jube, ci anam gu tënku, te diko leeralal mandargay diine ju màgg ji, ngir mu gën a xam Boroomam bu màgg bi, ak diineem jii di Lislaam, ak ub Yónnenteem Muhammad yalna ko Yàlla dolli jàmm ak mucc, ngir mu man a jaamu Yàlla ci kaw xam bu leer.

Jubluwaay bi waral bindug mbindéef yi:

Yàlla mooy sama Boroom.

[ Yàlla mooy sama Boroom di Boroomu lépp mooy Aji-moom ji di Aji-bind ji di Aji-wërsëgale tey Aji-doxal mbir yépp].

Moom dong a yayoo jaamu amul benn buur budul moom amul ku yayoo jaamu kudul moom.

Amna ay tur ak i melo yu rafet yu mu saxalal boppam walla ab Yóneenteem saxalal ko ko yegg na fa rafet ak mat yam, niróowul ak dara mooy Aji-dégg di Aji-gis.

## Bokk na ci turam yu rafet yi:

Aji-wërsëgal ji, Aji-yërëme ji, di Aji-am-kàttan ji, Aji-moom ji, Aji-dégg ji, di Jàmm, di Aji-gis ji, di Wéeru-waay ji, di Aji-bind ji, di Aji-ñewante gi, di Aji-doy ji, di Aji-jéggale ji.

Aji-wërsëgal ji: mooy kiy warlu wërsag i jaam yiy dundal séen xol ak séen yaram.

Aji-yërëme ji: mooy Boroom yërmànde ju yaatu ju màgg ji nga xam ne daj na lépp.

Aji-am-kàttan ji: mooy Boroom kàttan gu màgg gi nga xam ne lott walla tayyeel du ko gaar.

Aji-moom ji: mooy ki melowoo melokaan yu màgg yi, tey ki not tey doxal, te moom mbir yépp di ca soppaxndiku.

Aji-dégg ji: mooy kiy dégg mbooleem kàddu yi, yu suufe yi ak yu kawe yi, mooy dégg yit ñaan ug ay jaamam, ak séen ug toraxlu.

Kiy Jàmm: mooy ki mucc ci bépp wàññeeku ak bépp gàkk-gàkk ak bépp ayib.

Aji-gis ji: mooy kiy gis lépp lum man a doon ak num man a toll, di gis mbir yi, te deñ kumba ci lépp lu nëbbu.

Ki ñiy wéeru: mooy ki warlu wërsëg i mbindéef yi, di taxawe séen i njariñ, mooy ki méngoo jaamam yu baax yi, di leen yombalal séen i mbir.

Aji-bind ji: mooy ki amal mbir yi, mooy ki ko fent ci ludul misaal mu jiitu. Aji-ñeewant ji: mooy kiy teral ay jaamam, di leen yërëm, di leen may li ñu koy ñaan.

Aji-doy ji: mooy ki doy ay jaamam ci lépp lu ñu soxla, moom lañ doyloo ay ndimbalam wolif keneen, moom lees doyloo it wolif leneen.

Aji-jéggale ji: mooy ki fegal ay jaamam ayu séen i bàkkaar, te du leen ca mbugal.

# Samab Yónnente Muhammad yalna ko Yàlla dolli xéewal ak mucc:

Muhammad yalna ko Yàlla dolli xéewël ak mucc mooy yërmànde gi yàlla rafaatale mbindéef yi.

Mooy Muhammad doom i Abdullaa doom i Abdul Muttalib doom i Haasim, te Haasim ci Xurays la bokk, Xurays bokk ci ngiir i araab yi.

Way jurëm wu jigéen mooy Aaminatu doom i Wahbin, ku ni wax Haliimatu Asahdiya moo ko nàmpal, takk na lu toll ci fukki soxna ak benn, bimiy faatu mingi bàyyi gannawam juróom ñent i soxna.

Amoon na juróom ñaari doom ñatt yu góor ak ñent yu jigéen, ñu góor yi ñooy: Xaasim, Abdullaa, ak Ibraahiim, jigéen ñi ñooy: Zaynabu, Roqayya, Ummu Kulsuum, ak Faatima.

War na ñu topp ko ci lépp lumu digle,dëggal ko yit ci lépp lumu ñu xibaar,te wattandiku lépp lum ñu tere,te duñ jaamoo yàlla ci ludul limu yoonal.

Li ko yàlla yónnee mooy lim yónnee woon mbooleem Yóneente yi ko jiitu woon, te mooy woote ci jaamu Yàlla dong bañ koo bokkaale ak dara, Yàlla mu kawe mi neena: ﴿ Yónni wu nu Yónnente yila jiitu woon lu dul ne xamal nan leen ne amul kenn kun wara jaamu ku dul man kon jaamu leen ma ﴾.

Moom nag am na ay yelleef yu mágg ci bépp jullit, bokk na ci yooyu:

1- gëm ag yónnenteem, ak ug dëggoom, ak mucc ug lim andi ci sariiya ju mágg ji, ak topp ko ci yoon woowu,Yálla mu kawe neena: ﴿ Moom du wax ci bakkanam lu mu wax ci Yàlla la juge﴾

2- Warug bëgg ko, ak jiital ko ci sa bopp, ak say doom, ak mbooleem mbindéef yi, li mbëggéel gii di waral mooy dëppoog Yónnente bi yalna ko Yálla defal xéewël ak mucc-ci ag njubam, topp ko ca la mu digle, moytu la mu tere te xuppe ci.

3- Warug wormaal ko, ak dimbali ko, ak màggal ko -yalna ko Yàlla defal xéewël ak mucc- dimbaliko ak màggalko ak yëkkatiko -yalna ko Yàlla dolli jàmm ak mucc.

Bokkk na ci ay melokaanam -yalna ko Yàlla defal xéewël te musël ko-:

Dëggu, yërmánde, lewet, muñ, njámbaar, baax, , rafet jikko, mándu, toroxlu, jéggale.

# Alxuurann mu tedd mi wax i sama borom la.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿يَـٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ قَدۡ جَآءَكُم بُرۡهَـٰنٞ مِّن رَّبِّكُمۡ وَأَنزَلۡنَآ إِلَيۡكُمۡ نُورٗا مُّبِينٗا ١٧٤﴾ [النساء: 174]

﴿ Yéen nit ñi aw lay wu jóge ci séen Boroom ñëwalnaleen te wáccenañ ci yéen leer gu bir ﴾. [ Saaru Annisaa-i: 174].

Alxuraanul kariim dafa làmboo mbooleem la téere yu njëkk ya làmboo woon, dolli ca it càkkuteef i Yàlla yi ak jikko yi, mu dëggal la ca nekk ci dëgg, te amul benn téere bu jòge ca Yàlla ñu war koo topp ci jamono jii, walla di ko màggal, ak di ko jaamoo Yàlla, baa di ko jëfe, budul Alxuraan ju tedd ji.

Sama diine mooy Lislaam:

Tolluwaayu diine ñatt la: mooy jëbalu ci Yalla, ak gëm Yàlla, ak rafetal.

Tolluwaay bu njëkk bi mooy: jébbalu.

Jébbalu mooy: jox sa bopp Yàlla cig wéetal, wommatul ko cig topp, deñ ci bokkaale ak ñakoy def.

# Ponk i Lislaam

Yónnente bi -yalna ko Yàlla defal xéewël ak mucc-neena: **( Tabax nañ Lislaam ci juròoom i ponk: seede ne amul benn buur buñiy jaamu cig dëgg bu dul Yàlla, Muhammad ndawal Yàlla la, ak taxawal julli, ak joxe azaka, ak woor weeru koor, ak aj Màkka ).** Buxaariyu ak Muslim dëppoo nan ci Hadiis bi.

Ponk i Lislaam yi ay jaamu Yàlla la yu war bépp jullit, Lislaam i nit ki du wér ludul ne daa fas warug ponk yii, te di ko jëfe, ci lan tabax Lislaam, moo tax ñu tudde ko ponk i Lislaam.

Ponk yooyu nag mooy yii:

Ponk bu njëkk bi mooy: seede ne amul benn buur bu ñiy jaamu cig dëgg bu dul Yàlla, seede ne Muhammad ndawal Yàlla la.

## Ab tënk bu am solo ñeel jullit bi:

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿فَٱعۡلَمۡ أَنَّهُۥ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا ٱللَّهُ وَٱسۡتَغۡفِرۡ لِذَنۢبِكَ وَلِلۡمُؤۡمِنِينَ وَٱلۡمُؤۡمِنَٰتِۗ وَٱللَّهُ يَعۡلَمُ مُتَقَلَّبَكُمۡ وَمَثۡوَىٰكُمۡ ١٩﴾ [محمد: 19]

﴿ xamal ne amul buur bu ñiy jaamu cig dëgg bu dul Yàlla ﴾. [ Saaru Muhammad aaya: 19]. Yàlla mu kawe mi neena:

﴿لَقَدۡ جَآءَكُمۡ رَسُولٞ مِّنۡ أَنفُسِكُمۡ عَزِيزٌ عَلَيۡهِ مَا عَنِتُّمۡ حَرِيصٌ عَلَيۡكُم بِٱلۡمُؤۡمِنِينَ رَءُوفٞ رَّحِيمٞ ١٢٨﴾ [التوبة: 128]

﴿ Yónnente bu bokk ci yéen ñëwalna leen di ku bañ lu leen sonal, di ku xér ci yéen, di ku bari yërmànde ci jullit yi﴾ [ Saaru Attawba: 128]

Li nu jublu ci seede ne amul benn buur bu ñiy jaamu budul Yàlla, mooy amul lenn lu yayoo jaamu cig dëgg lu dul Yàlaa.

Li nu jublu ci seede ne Muhammad ndawal Yàlla la, mooy topp ko ci lamu digle, dëggal ko ca lamu xibaare, moytu lamu tere te tënku ca, te baña jaamu Yàlla ci lu dul limu yoonal. Ponk ñaareel bi: mooy taxawal julli.

## Ab tënk bu am solo ñeel jullit bi:

Taxawal julli nag mooy defe ko ca anam gi ko Yàlla mu kawe mi diglee, Yónnente bi -yalna ko Yàlla defal xéewël ak mucc- jàngale nu ko noona.

Ponku ñattel bi: mooy joxe azaka.

Yàlla mu kawe mi moo farataal azaka ngir nattu ngëmug jullit bi, ak ngir mu sant ko ci lim ko xéewëlal ci alal, ak it dimbali Way-ñakk yi ak Way-aajewoo yi.

Joxe azaka nag mooy jox ko ñi ko yelloo.

Moom nag yelleef ju war la ci alal bu matee lim bam war a toll, juròom ñatti xeet nag lees koy jox, ñooy ñi Alxuraan tudd, bokk na ci ñoom: Way-ñakk yi, ak Miskiin yi.

Joxe azaka nag, melokaanu yërmànde la, ak ug ñeewant, day laabal it jikkoy jullit bi ak alalam, di gërëm loo Way-ñàkk yi, ak Miskiin yi, tey dëgëral buum i bëggante ak mbokkoo ci diggante mbooloom jullit ñi, looloo tax jullit bu baax dakoy génne ànd ci ak teeyug bakkan, am mbégte ci joxe ko, ndax li ca nekk ci teral nit ñi.

Lim bi ñu war a génne ci azakay alal nag, mooy: 2.5% ci alal ju ñu denc, ci wurus ak xaalis, ak këyit, ak li ñiy jaay ngir tonewu, bu matee lim biñ war a génne, te matum at.

Noonu it la azaka ware ci yor ab lim bu mat azaka ci ay jur, budee dunde gàncax lu ëpp am at te boroomam xont ko.

Nakanoonu azaka day war ci liy génn ci suuf, lu mel ni Rikaas, te mooy: la ceddu ya daa suul, naka noonu it dugub ak gàncax yi, ak mbell yi, bu matee dayo biñ war a génne azaka.

Ponku ñenteel bi, mooy: weeru koor.

Ramadaan: mooy weeru juróom ñenteel ci at mi, ci nattuwaayu atum gàddaay gi, moom nag weer wu màgg la ci jullit ñi, lu am wàccuwaay la ci mbooleem weer yi, woor ko bam mat sëkk benn la ci ponk i Lislaam yiy juróom.

Woor weeru koor nag: ag jaamu Yàlla la, ci bàyyi lekk ak naan, ak sëy, ak mbooleem luy dog koor, bu fajar gi fenkee ba jant bi di so, ci mbooleem fan i weeru koor wu barkeel wi.

Ponku juróomeel bi mooy: aj Màkka.

Tolluwaay ub ñenteel bi mooy ngëm:

Ngëm nag: mooy saxal ak dëggal gu dogu, ak nangu gu mat sëkk, si mbooleem ndigal i Yàlla yi, ci gëm ko ak wommatul ko, ci biir, ak ci bitti, loolu mooy dëggal ko ci xol, ak fas ko pas-pas bob mooy làmboo jëf i xol yi ak jëf i yaram yi, loola nag mooy làmboo jëfe diine yépp, ngëm nag day yokke ci topp Yàlla di wàññikoo cig moy.

## Ponk i ngëm yi:

Ponk bu njëkk bi mooy: gëm Yàlla.

Dani gëm amug Yàlla, te fas kennam gi ci moomeelam gi, ak ci jaamu gi, ak i turam, ak i melokaanam, gëm Yàlla nag lii lay làmboo:

Gëm amug Yàlla tuddnaa sellam nga, ak kaweem ga.

Gëm ag moomeelam gi, gëm ne moo moom lépp, moo bind lépp te dileen wërsëgal, di doxal ay mbiram.

Ak gëm wéetam gi cig jaamu, ak gëm ne moom rekk a yayoo ag jaamu, amul kuñ koy booleel ci dara, ni ki julli la,

ak ñaan, ak nesër, ak rendi, ak dimbandiku, ak xettaliku, ak mbooleem jaamu yi.

.Ak gëm turam yu rafet ya ak meloom yu kawe yam saxalal boppam, wala Yónneteem bi -yalna ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- saxalal ko ko, ak dàq lam dàqal boppam, wala Yónnenteem bi -yalna ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- dàqal ko ko, gëm ne it ay turam ak i meloom egg na ca dayob mat ak rafet, te moom niróowul ak dara, moom mooy Aji-dégg ji mooy Aji-gis ji.

Ponk ñaareel bi mooy: gëm Malaaka yi.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿ٱلۡحَمۡدُ لِلَّهِ فَاطِرِ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ جَاعِلِ ٱلۡمَلَٰٓئِكَةِ رُسُلًا أُوْلِيٓ أَجۡنِحَةٖ مَّثۡنَىٰ وَثُلَٰثَ وَرُبَٰعَۚ يَزِيدُ فِي ٱلۡخَلۡقِ مَا يَشَآءُۚ إِنَّ ٱللَّهَ عَلَىٰ كُلِّ شَيۡءٖ قَدِيرٞ ١﴾[فاطر: 1]

﴿ Sant ñeel na Yàlla mi bind asamaan ak suuf, mooy ki def Malaaka yi ay ndaw yu am i laaf, ñii ñaar, ñii ñatt, ñii ñent, mooy dolli ci mbindéef yi lu ko soob, Yàlla nag mooy ki man lépp ﴾. [ Saaru Faatiri aaya: 1].

ñoom Malaaka yi nag ay mbindéef yu màgg lañ, kenn peegul séen kattan ak séen ub lim kudul Yàlla mu kawe mi, ku ci ne am na ay melokaan ak i tur, ak ay ligéey yu leen

Yàlla jagleel, bokk na ci ñoom Jibriil,-yalna ko Yàlla musal-mi ñu dénk xam-xam bi Yàlla di jox Yónnete yi.

Ponk ñattel bi mooy: gëm téere yi.

Yàlla mu kawe mi neena:

﴿قُولُوٓاْ ءَامَنَّا بِٱللَّهِ وَمَآ أُنزِلَ إِلَيۡنَا وَمَآ أُنزِلَ إِلَىٰٓ إِبۡرَٰهِـۧمَ وَإِسۡمَٰعِيلَ وَإِسۡحَٰقَ وَيَعۡقُوبَ وَٱلۡأَسۡبَاطِ وَمَآ أُوتِيَ مُوسَىٰ وَعِيسَىٰ وَمَآ أُوتِيَ ٱلنَّبِيُّونَ مِن رَّبِّهِمۡ لَا نُفَرِّقُ بَيۡنَ أَحَدٖ مِّنۡهُمۡ وَنَحۡنُ لَهُۥ مُسۡلِمُونَ ١٣٦﴾ [البقرة: 136]

﴿ Waxleen gëm nan Yàlla ak li mu wacce ci nun, ak li mu wàcce ci Ibraahima, ak Ismahiila, ak Ishaaxa, ak Yahxooba, ak Asbaat, ak lam joxoon Muusa, ak Hisaa, ak li ñu joxoon Yónnente yi mu jòge ci séen Boroom, duñ tàqale diggante kenn ci ñoom, te ci moom rekk lanu jébbalu ﴾. [ Saaru Albaxara aaya: 136]

Dani gëm ne it ne Yàlla moo wàcce ay téereem ci ay Yónnenteem, muy aw lay ci mbindéef yi.

Ñu leen di jàngal ci téere yi li leen di jariñ, te di leen sellal.

Téere yi jóge asamaan te Yàlla tudd ko ci alxuraan mooy:

Alxuraan ju tedd ji, Yàlla moo ko wàcce cib Yónnenteem Muhammad -yalna ko Yàlla dolli jàmm ak mucc-.

Attawraat: Yàlla mi ngi ko wàcce ci Yónneteem ba Muusaa -yalna jàmm i Yàlla nekk si moom-.

Alinjiil: Yàlla mi ngi ko wàcce ci Yónnenteem ba Hisaa-yalna jàmm i Yàlla nekk si moom-.

Azzabuur: Yàlla mi ngi ko wàcce ci Yónnenteem ba Daawuuda -yalna jàmm i Yàlla nekk si moom-. Suhufu Ibraahiima Yàlla mi ngi ko wàcce ci Yónnenteem ba Ibrahima -yalna jàmm i Yàlla nekk si moom-. Ponk ñenteel bi: mooy gëm Yónnente yi. Yàlla mu kawe mi neena: ﴿ Yónni nan ci bépp xeet ab Yónnente ngir nañ jaamu Yàlla te moytu jaamu ludul moom ﴾.

Danuy gëm ne Yàlla mu kawe mi moo yònni ci mbindéef yi ay ndawam yu leen di woo ci jaamu Yàlla moom dong, moom mi amul nawle, ak weddi lépp luñuy jaamu te du moom Yàlla mu kawe mi.

Danuy gëm it ne Yónnente yi ay mbindéef lañ yu gòor di ay jaam i Yàlla, di ñu dëggu ñuñ dëggal, te di ñu ragal Yàlla, ñu wóor, ñu jub tey jubale, Yàlla a leen dëgëral ci ay firnde, yuy tektale séen ug dëggu, jotal nan it lépp lu leen

Yàlla yónni, te ñoom ñépp it ci dëgg gu leer lañu nekkoon, ak njub gu leer.

Ñoom yónnete yi nag ka ca njëkk ba ca ka ca mujj séen ub woote benn la ci cosaanul diine, te mooy wéetal Yàlla -mu tedd mi te màgg- cig jaamu te bañkoo bokkaale.

Ponk juróomeel bi mooy: gëm allaaxira.

Danuy gëm bis bu mujj bi, te mooy bisub taxawaay ba nga xam ne bis du ñëw ginnaawam, te gëm it lépp lu ca aju, ci lu nu sunu Boroom mu tedd mu kawe mi xibaar, ci téereem bu tedd bi, wala Yónneteem ba Muhammad -yalna ko Yàlla defal xéewël te musal ko- xibaar nu ko, niki faatug doomu Aadama, ak dekki, ak tasaaroo ga, ak rammu, ak màndaxe ma, ak saytu ga, ak àljana, ak sawara, ak lu dul loolu ci lépp lu aju ca bis bu mujj ba.

Ponk juróom benneel bi mooy: gëm dogal yu neex yi ak yu naqari yi.

Danuy gëm ndogal bu neex yi, ak yu naqari yi, te mooy li Yàlla mu kawe mi, dogal ci mbindéef yi, namu jiitoo ci xam-xamam ba, te xereñam laaj ko, ak it ne lépp lu xew ci mbindéef yi ciy xew-xew ci àdduna jii, mi ngi ame ci xax-xamu Yàlla ak ub ndogalam -tudd naa sellam ga ak

màggam ga- ak cig doxalam moom dong, moom mi amul ndend, ndogal yépp it bind nañ ko njëgg ñuy bind doomu Aadama, doomu Aadama it am na ag nammeel ak coobare, te itam mooy def ay jëfam ca dëggi-dëggi jëf, waaye loolu lépp nag dara du ci génn xam-xamu Yàlla ak coobareem.

Gëm ndogal nag day ame ci ñenti tolluwaay:

Bu njëkk bi mooy: gëm xam-xamu Yàlla bu matale bi te peeg lépp.

Bu ñaareel bi mooy: gëm ne Yàlla bind na lépp lu war a am ba bis pénc ba.

Bu ñatteel bi mooy: gëm coobarey Yàlla ju mat ja, ak kàttanam ju mat ja, lu ko neex mooy am, lu ko neexul du am.

Bu ñenteel bi mooy: gëm ne Yàlla moo bind lépp, te amul kenn kum bokkal bind ga.

Tolluwaayu ñatteel bi mooy: rafetal.

Laab.

Jaam bi jëm ci Boroomam day laab laab ug bitti, ci njàpp, ak laab ug biir, ci taxawe jaamu Yàlla gii, sellalal ko Yàlla mu kawe mi te roy ca njubug Yónnente bi -yalna ko Yàlla defal xéewël ak mucc-

Liy waral ci njàpp:

1- Julli, ag gum man a doon, moo xam gu farata la, wala gu sunna la.

2- Wër kaaba ga.

3- Laal kaamiil.

Damay japp ak a sangu-set ci ndox mu laab:

Ndox mu laab mooy: bépp ndox mu jóge ci asamaan, wala mu jóge ci suuf, te des ca cosaanam, te it benn ci ñatti melokaanam yi soppikuwul, moodi: melo wa, ak cafka ga, ak xet ga, ci lenn ci mbir yiy deñal laab ug ndox ma.

Jàpp:

Jéego bu njëkk bi mooy :1- yéene, barabam mooy xol, yéene li miy tekki mooy: dogug xol ci def ag jaamu Yàlla, ngir jege-jege lu Yàlla mu kawe mi.

Ñaareelu jéego bi mooy 2: damay wax: bismil Laahi.

Jéego ñatteel bi mooy 3: raxax tenq yi ñatti yoon.

Jéego 4: gallaxndiku ñatti yoon.

Gallandiku mooy: dugal ndox ci gémmiñ yëngal ko yàbbi ko.

Jéego 5: saraxdiku ak fiiru, ñatti yoon, saraxndiku mooy: xëcc ndox mi ci sa biir bakkan bam sori ca biir.

Fiiru mooy: génne li nekk ci bakkan bi, cig noyyi.

Jéeego 6: raxas kanam gi ñatti yoon.

Dayob kanam:

Kanam mooy: li ngay jakaarlool ci nit.

Dayob kanam cib yaatuwaay: mi ngi tàmbulee ci nopp yam ci beneen nopp ba.

Dayob guddaay bi: mi ngi tàmbulee fa kawar baaxoo saxe ba ca ba ca yamukaayu sikim ba.

Raxas kanam dafay làmboo lépp lu fa ne ci kawar gu woyof, ak la amul kawar, ak it la sës sa nopp ya.

Weex-weex ya mooy: la nekk ca diggante nopp bi ak sikkim bi.

Kawar gi sës ci nopp bi mooy: gi sax ci li féeteeg bën-bënu nopp bi féete biir.

Naka noonu raxas kanam day làmboo lépp lu feeñ ci kawarug sikkim gu fatt ga, ak la wàcc jëm suuf.

Jéego 7: raxas loxo yi tàmbulee ca baaraam ya ba ca coñca ya, ñatti yoon.

Raxas conca yi day dugg ci raxasug loxo biy farata.

Jéego 8: masaa bopp bi yépp ci say loxo, boole ko ak nopp ya benn yoon.

Masaa bopp ci tambulib bopp bi lay dale ba ca doq ga mu delloowaat leen ba fam doore woon.

Day dugal ñaar i baaraam i sànni kaayam ci biir nopp bi, teg baaraam i déy ya ci bitti nopp ba, daadi massa bitti nopp ba ak biir ga.

Jéego 9: raxas tank yi, tàmbulee ca baaraam i ndëggu ya, ba ca dojor ya, ñatti yoon, raxas dojor yi day dugg ci raxas tànk giy farata.

Ñaari dojor yi mooy: ñaari yax yi génne ci suufu yeel bi.

Jéego 10: dees na sunnaal ci jullit bi mu wax ginnaaw njàpp ma: "Ashadu an laa ilaaha illal Laahu wahdahu laa sariiha lahu wa ashadu anna Muhammadan habduhu wa rasuuluhu, Allahumma ijhalnii minat tawwaabiina wajhalnii minal mutatahhiriina" ngir li Yónnete bi -yalna ko Yàlla defal xéewël te musal ko- wax ne: [ ku jàpp te rafetal njàpp ma, ginnaaw ga mu wax ne: "Ashadu an laa ilaaha illal Laahu wahdahu laa sariiha lahu wa ashadu anna Muhammadan habduhu wa rasuuluhu, Allahumma ijhalnii minat tawwaabiina wajhalnii minal mutatahhiriina" dees na ko ubbil bunt i àjjana yay juròom ñatt, bu ko ci neex dugg ].Attirmiziyu moo ko nettali.

Jàpp bir yii ñoo koy yàq:

1. Liy génn ci ñaar i génnuwaay yi, ni ki saw ak dem duus, ak ngelawal, ak mànniyu, ak mazyu.

2. Xel mu deñ ci ay nelaw yu diis, wala xëm, wala màndite, wala saddum jinne.

3. Lépp luy waral sangu, ni ki janaba, ak mbërag, ak meret.

Bu nit fajee aajoom war na ci moom mu deñal sobe sa ci ndox mu laab, loolu moo gën, wala ci lu dul ndox mu laab tey deñal sobe, ni ki ay doj, wala ay xob, wala morso, ak lu niróo ak moom, ci kaw loolu nekk ñatti fomp yu set, te defe ko ci lu laab.

## Masaa ñaar i saŋ ak ay kawas:

Jamono jees di masaa ay saŋ wala ay kawas, manees naa masaa ca kaw, te du aajewoo raxas tànk yi, waaye nag ci ay sart:

1. Mu sol ko ci ag laab gu mat sëkk ci toj mu ndaw ak mu mag.

2. Mu nekk yu laab yu amul sobe.

3. Masaa ga nekk ca diir bam war a am.

4. Mooy ñu doon yu lew, bun doon yun sàcc, wala yun siif.

Ñaari saŋ yi nag mooy: lees di sol ci tànk ci der wu woyof wala lu ni mel, wala lu mel ni ay dàll yoy day muur

tànk yi. Ñaari kawas nag mooy: li nit di sol ci ay tànkam ci morso, ak lu ko nuru, mbaa lu mel ni li ñiy tudde Sarraab.

Litax nu yoonal masaa ci ay saŋ: jubluwaayu masaa ci ay saŋ mooy yombal ak woyofalal jullit yi nga xam ne summi ay saŋ ak ay kawas wala raxas ay tànk, di na diis si ñoom, rawatina ci jamonoy seddaay gu tar, ak ci tukki.

Diir bi masaa saŋ di ame: budee ki nekk ci dëkkam: bis bu mat sëkk la, [24i waxtu] budee ki tukki: ñatti fan yu mat sëkk la [72i waxtu].

Limub diirub masaa mi ngi tàmbulee ci njaalbéenug masaa saŋ ya wala kawas ya ginnaaw am laab.

Melokaanu masaa ay saŋ wala ay kawas:

1. Day toyal ñaari loxo yi.

2. Day rombale loxo yi ci bitti tànk yi [mu tàmbulee ci catu tànk yi ba ci njalbeenu yeel yi].

3. Day masaa tànku ndayjoor bi, ci loxob ndayjooram, masaa tànkub càmmoñ bi ci loxob càmmoñ bi.

Yiy yàq masaa:

1- yiy waral sangu.

2- jeexug waxtuw masaa bi.

## Sangu-set:

Melokaanu sangu moo nekk nii:

Jullit bi day matale yaramam wépp ci ndox ca anam ga mu man a ame, bokk na ci loola gallaxndiku, ak saraxndiku, su matalee yaramam ci am ndox toj mu mag ma yëkkatiku na laab ga it mat na.

Amna it weneen melokaan wu gën a mat, te mooy ba Yónnente ba -yalna ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- doon jëfe, te moo nekk ni:

01 Yéene a yëkkati am toj.

02 Wax bismil Laahi, ak raxas loxo ya ñatti yoon, sooga raxas péyma mooy fa sobe sa taq.

03 Jàpp mu mat, ni ki muy jàpoo buy julli.

04 Sotti ndox ca bopp ba ñatti yoon, day tooyal fa kawar ga saxe.

05 Matale mbooleem yaram wi ci am ndox, mu tàmbulee ci raxas wetug ndayjoor gi, ak camooñ bi, ànd ak

bomb ko ci ay loxoom ba ndox ma egg ci mbooleem yaram wi.

Danañu tere ku am janaba mu def yii ba kerog muy sangu.

01 Julli

02 Wër kaaba ga.

03 Toog ci jàkka, ak di fa romb, te toogoo fa.

04 Laal kaamil.

05 Jàng Alxuraan. Tiim. Bu jullit bi amul ndox mum man a laabe, wala manuta jëfandikoo ndox ma, ngir tawat wala lu ni mel, te mu ragal julli ga raw ko, kon day tiim ci suuf.

Melokaan wa mooy day dóor ñaari loxoom ci suuf benn dóor,daadi ca masaa kanamam ak ñaari ténqam rekk.dees na sart si suuf sa mu doon lu laab.

Mbir yii mooy yàq tiim:

1. Liy yàq tiim mooy yàq njàpp.

2. Am ndox lu jiitu muy dugg si jaamu Yàlla gamu tiimaloon.

Julli.

Yàlla farataal na ci jullit bi juróom i julli ci bis bi ak ci guddi gi, te mooy: fajar, tisbaar, tàkkusaan, timis, gee.

Waajal julli.

Bu julli jotee jullit bi day laab ci toj mu ndaw, ak toj mu mag ndeem dafa tojle toj mu mag. Toj mu mag mooy liy waral ci jullit bi sangu.

Toj mu ndaw mooy: liy waral ci jullit bi jàpp.

Jullit bi buy julli day sol yére yu laab, dem fi barab bu laab, te muur awraam.

Jullit bi na taaroo yéere yu laab yu yelloo ak jomonoy julli ga, te muur aw yaramam, du dagan ci góor guy julli mu feeñal dara ci li dox diggante jumbax bi ak bët i wóom yi. War na ci jigéen buy julli mu sàng mbooleem aw yaramam, bam des kanam ga ak ténq ya.

Daganul ci jullit muy wax ci julli gi ludul wax jiñu ko jaglleel, te muy diglu imaam bi, te du geestu ci julleem, bu manul mokkal wax yi julli jagoo day tudd Yàlla diko sàbbal ba julli gui noppi, dana ko war it mu gaaw jàng julli ak lan cay wax.

Ngir nu julli julli gu wér ci ndigalul Yàlla, nanu topp jéego yii te sàmmonte ak moom:

Jéego 1: yéene ñeel farata ji nga bëgg a def, yéene nag barabam mooy xol.

Ginnaaw bi ma jàppoo damay taxaw julli, budee mën naa taxaw.

Jéego ñaareel bi 2: damay yëkkati samay loxo bamu tolloo ak wagg yi, daadi wax: [ Allaahu akbar] yéenee dugg ci julli gi.

Ma sooga wax: [Aamiin]. li miy tekki mooy: yaw Yàlla yalna nga nangu ñaan gi.

Ginnaaw faatiha damay jàng li ma man ci Alxuraan ci ràkka bu njëkk bi, ak bu ñaareel bi dong ci julli gune, lii nag du lu war, waaye def gi yool bu rëy a ngi ci.

Jéego 6: damay wax: (Allaahu akbar) daadi sëgg sëgg bu jub, jàpp samay wóom te soreele saay baaraam i loxo, sooga wax ci sëggaay bi: (Subhaana rabbiyal Hasiim wa bi hamdihi) ñatti yoon.

Jéego 7: damay siggi ci sëggaay bi daadi wax:(samihal Laahu liman hamidahu) yëkkati samay loxo bam jege

samay wagg, suma taxawee bane jodd daadi wax: (Rabbanaa wa lakal hamdu).

Jéego 8: damay wax:( Allaahu akbar) daadi sujjuud,ci samay loxo ak samay bëti wòom, ak samay tànk,ak samab jë,ak sama bakkan, daadi wax ci samab sujjuud (Subhaana rabbiyal halaa) ñatti yoon.

Jéego 9: damay wax: (Allaahu akbar) daadi yëkkatiku ci sujjuud ba toog nojj, ci sama kaw tànku càmmooñ, samp sama tànku ndayjoor, daadi wax: (Rabbi ixfir lii,) ñatti yoon.

Jéego 10: damay wax: (Allaahu akbar) daadi sujjuud beneen yoon bu mel ni sujjuud bu njëkk ba.

Jéego 11: damay jug ci sujjuud ba, daadi wax:(Allaahu akbar) ma taxaw bane jonn, la des ca julli ga yépp damay def nama ko defe woon ca ràkka bu njëkk ba.

Jéego 12: ginnaaw loolu damay sëlmël ci sama wetug ndayjoor, daadi wax: (assalaamu halaykum wa rahmatul Laah) dellu sëlmël ci sama wetug càmmoñ daadi wax: (assalaamu halaykum wa rahmatul Laah) daadi ci yéenee génn ci julli gi, ci loolu laay nekke ku def julli gu mat.

# Colug jigéeenu jullit:

Yàlla moo waral ci jigéenu jullit, col gu jot, tey nëbb mbooleem ay cëram ci ay jàmbur yu góor, ci yéere yu waa réewam baaxoo sol, du dagan ci moom muy sol lu woyof lu dul ci kanamu jëkkëram, wala ay koj i armalam, te ñooy ñi nga xam ne du dagan ci jigéenu jullit bi muy sëy ak ñoom ba fàwwu, ñooñu ñooy:(baay, ak i maam, doom ak ay sët, ay baay tëx, ak ay nijaay, ak mbokk, ak doom i mbokk mu góor, ak doom i mbokk mu jigéen, ak boroom jëkkëru yaay, ak baay i jëkkër, ak ay maamam, ak doom i jëkkër, ak ay sétam, ak mbokk ci nàmpaale, ak jëkkër i ki ko nàmpal, daes na haraamal cig nàmpaale lépp lus haraamal ci askan).

Jigéenu jullit warnaa sàmmoonte ak mbir yii ci ak colam:

Ba ca jëkk: mu daj mbooleem yaram wa.

Ñaareel bi: yére yi bañ a nekk ab taar, ndeem dafa nekk ci ay jàmbur yu góor.

Ñatteel bi: mu bañ a yaraax bay fésal aw yaramam.

Ñenteel bi: mu yaatu bañ a xat, bay melal aw yaramam.

Juróomeel bi: mu bañ a xeeñ gëtt budee day génn ci ay jàmbur yu góor, yu man a jot ci xet ga.

Juróombendeel bi: mu bañ a niru ak yérey góor.

Juróom ñaareel bi: mu bañ a niru ak yérey ñi dul jullit, ci séen ug jaamu, walla ci séen i xew-xew.

Juróor ñatteel bi: mu bañ a nekk yére yu ràññiku.

## Bokk na ci melokaanu ab jullit:

- Kuy dëggu la ci ay waxam, te du fen. - Day matal kóllare ak ub dig.

- Du wax lu ñaaw buy xuloo.

- Day matal kóllare.

- Day bëggal mbokkum jullitam la mu bëggal boppam.

- Day tedd.

- Day rafet njort ci nit ñi.

- Day jokk mbokk.

- Day gërëm dogolu Yàlla te di ko sant bu jamono neexee, ak a muñ bu jamoono naqaree. - Day am kersa.

- Day yërëm mbindéef yi.

- Ab xolam day mucc ci ak mbañeel, ay céram it day mucc ci lor keneen.

- Day jéggal nit ñi.

- Du lekk ribaa du ko jëflante.

- Du njaalo.

- Du naan sàngara.

- Day rafetal jëme ci ay dëkkandoom.

- Du tooñ du wor.

- Du sàcc, du def ay pexe ngir alal.

- Kuy rafetal la jëme ci ñaari wayjuram, donte duñu ay jullit.

- Day yar ay doomam ci ag mbaax, di leen digal wartéef i sariha yi, di leen tere ay caay-caay ak yu haraam.

- Du nuru-nuru lu ci ay jëf ñu dul ay jullit ci la ñu jagoo ci diine, wala ci ay aada yinga xam ne dañukoo ràññikoo.

- Day dellu ci Yàlla di ko jéggalu ci ag gàttañloom, ak i bàkkaaram.

# Ay tënk yu am soolo ci pas-pasu jullit:

01 Yàlla mooy sunu Boroom amul buur bunuy jaamu cig dëgg bu dul moom,amul buur amul ku ñuy jaamu ku dul moom,amul lu niroog moom, amul lu ko të,moom mooy kiy dëgg di gis.

02 yàlla -tudd naa sellam gi té kawe na- moongi ci asaman, nék si kaw mbidéefam yépp, taqalikoo ak ñoom, ak kawe am dafa matalé ci bépp anam, kaweg jëmm , kaweg daraja, kaweg noot, te moom boroom bi -tudd naa sellam gi- Aji-peeg la bépp mbir.

03 danuy saxal lépp lu Yàlla saxal ci jëmmam ji wala Yónnenteem bi Muhmmad -yalna ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- saxalal ko ko ci ay tur wala ay melokaan, te it danuy dàq lépp lu mu dàq ci jëmmam ji, wala Yónnente bi -yalna ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- dàqal ko ko.

04 Yàlla mu kawe mi mooy nangu ñan yi, di faj aajo yi, te moo moom lépp, kenn du jariñ wala muy lor ku dul moom, ab jaam nag manul doylu wolifko ci benn saa, daganul cib jullit muy jublu ku dul Yàlla mu kawe mi ci benn xeet ci xeet i jamu Yàlla yi, ni ki ñnan wala julli wala nizër wala rendi wala ragal wala yaakaar wala wakkirlu

wala yeneen xeeti jaamu yi yu feeñ yi wala yu nëbb yi, ku def jëmële benn jaamu ci ku dul Yàlla, koo ku bokkaale na Yàlla.

05 Bakkaar bi gën a màgg nag te gën a rëy si bakkaar yi mooy bokkaale Yàlla, ku faatu ci bokkaale Yàlla day haraamal ci moom àjjana te sawara mooy nekk dëkkuwaayam, bokkaale nag mooy bakkaar bi Yàlla dul jéggël kenn ku ko faatuwaale te tuubuko.

06 Lenn lu moy jaam bi nekkul lu ko wara dal, lu ko dal itam nekkul lu ko wara moy, day war ci jullit bi mu gëm dogal i Yàlla yi, ak gërëm ay dogali yàlla mu kawe mi, ak di tagg boroomam te di ko sant ci bépp anam.

07 Muhammad sunup Yónnente-yalna ko Yàlla dolli jàmm ak mucc- mooy ki gën ci nit ñi te moo mujj ci yónnente yi,mooy Aji-ramm janiy ramm loo kerog bisup taxawaay ba,Yàlla mooko jàppe xaritam ni ki mu jàppe Ibraahiima-yalna ko Yàlla dolli jàmm-muy xaritam.

# Index


Ab tënk bu am solo ñeel jullit bi: .................................................. 1

Laltaay:.......................................................................... 4

Bokk na ci turam yu rafet yi:.......................................................... 5

Samab Yónnente Muhammad yalna ko Yàlla dolli xéewal ak mucc:.. 7

Alxuurann mu tedd mi wax i sama borom la................................... 9

Ponk i Lislaam ........................................................................ 10

Ponk i ngëm yi:....................................................................... 14

Masaa ñaar i saŋ ak ay kawas:.................................................... 24

Sangu-set: .............................................................................. 26

Colug jigéeenu jullit: ................................................................ 31

Bokk na ci melokaanu ab jullit:.................................................... 32

Ay tënk yu am soolo ci pas-pasu jullit: ......................................... 34

موسوعة القرآن الكريم
QuranEnc.com
موسوعة تضم تفاسير وتراجم
موثوقة لمعاني القرآن الكريم

موسوعة الأحاديث النبوية
HadeethEnc.com
موسوعة تضم ترجمات للأحاديث
النبويـــة وشروحها بعدة لغـــات

موسوعة المصطلحات الإسلامية
TerminologyEnc.com
موسوعة تضم ترجمات المصطلحات
الإسلاميـــة وشروحها بعدة لغـــات

IslamHouse.com

ننشر الإسلام بأكثر من 100 لغة

جـمـعـيـة الـدعــوة
وتوعية الجاليات بالربوة
Rabwah

جمعية خدمة المحتوى
الإسـلامـي باللغـــات